

# WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## SIBVANSYON POU ANKOURAJE AKSÈ, DWA, AK JISTIS (FARE)

### KI SA SIBVANSYON FARE LA YE?

Depatman Travay Eta Nouyòk (NYS DOL) te resevwa yon sibvansyon nan men Biwo Fanm Ki nan Depatman Travay Etazini pou yo ka mete sou pye aktivite sansibilizasyon ak prezantasyon pou fanm ki konsantre sou dwa ak avantaj nan travay. Objektif nou se pou nou atenn fanm yo pa bay twòp enpòtans ki pa nan Vil Nouyòk, sitou nan zòn andeyò yo, grasa prezantasyon ak evènman ki fèt vityèl oswa nan yon lokal kote moun yo ka vini. Objektif nou se pou nou gaye enfòmasyon ak konesans k ap ankouraje fanm nan tout eta a, epi yo menm y ap ka vin yon referans nan kesyon dwa ak avantaj nan pwòp kominote yo.

### KIJAN POU M MANDE YON PREZANTASYON?

Voye yon imel bay NYSDOL nan [info.nysdol@labor.ny.gov](mailto:info.nysdol@labor.ny.gov) oswa rele **888-4-NYSDOL (888-469-7365)**

### SIJÈ NOU KONSANTRE SOU LI

#### SALÈ MINIMÒM

Tout moun k ap travay nan Eta Nouyòk dwe resevwa omwen pri salè minimòm nan ye pou chak èdtan yon moun travay la.

ZÒN	SALÈ MINIMÒM <i>apati 1/1/2024</i>	
New York City, Long Island ak Westchester County	\$16.00/èdtan	\$18.55/èdtan Èd pou Swen Lakay
Rès Eta Nouyòk	\$15.00/èdtan	\$17.55/èdtan Èd pou Swen Lakay

#### SALÈ MINIMÒM POU TRAVAYÈ KI RESEVWA POUBWA

Lwa Eta Nouyòk pèmèt konpayi nan pifò endistri pou yo atenn salè minimòm nan lè yo mete ansanm salè yo peye a ak poubwa anplwaye a resevwa nan men kliyan yo. Sèl konpayi ki nan sektè ospitalite ki gen dwa kalkile poubwa nan salè minimòm. Travay ki peye ak poubwa sèlman entèdi.

ZÒN	ANPLWAYE KI BAY SÈVIS <i>apati 1/1/2024</i>	MOUN K AP TRAVAY NAN SÈVIS TRETÈ <i>apati 1/1/2024</i>
New York City, Long Island ak Westchester County	Salè \$13.35 \$2.65 Kredi Poubwa	Salè \$10.65 \$5.35 Kredi Poubwa
Rès Eta Nouyòk	Salè \$12.50 \$2.50 Kredi Poubwa	Salè \$10.00 5.00\$ Kredi Poubwa

### LÈ SIPLEMANTÈ

Pifò anplwaye dwe resevwa chèk pou lè siplemantè lè yo depase 40 èdtan nan yon semèn travay. Pri lè siplemantè a se 1 fwa edmi pri nòmal la. Pou anplwaye ki resevwa poubwa yo, konpayi yo dwe peye lè siplemantè yo 1 fwa edmi pri salè minimòm nan, mwens kredi poubwa aplikab la. Moun k ap travay nan sektè agrikilti yo touche lè siplemantè lè yo depase 56 èdtan travay nan yon semèn travay ak nenpòt lè yo travay nan jou konje yo.

### KONFIZYON: ANPLWAYE OSWA TRAVAYÈ ENDEPANDAN?

Pou w ka konnen si yon moun k ap travay dwe nan kategori anplwaye oswa travayè endepandan, ou dwe gade ki relasyon ki genyen ant patwon an ak anplwaye a. Travayè endepandan an ap travay ak tèt li e sèvis li disponib pou tout piblik la.

Yon travayè endepandan fè travay li san l pa resevwa:

- Sipèvizyon
- Enstriksyon
- Kontwòl

Tandiske, yon relasyon patwon-anplwaye egziste si patwon an:

- Chwazi ki lè, ki kote, ak fason anplwaye a fè travay li
- Bay lokal, ekipman, zouti, ak materyèl
- Sipèvize travay la dirèkteman
- Deside sou kantite lè ak salè a, elt.

Aprann plis la a: [dol.ny.gov/independent-contractors](https://dol.ny.gov/independent-contractors)

Se yon fwod sa ye lè yon konpayi fè espere li mete yon anplwaye nan kategori travayè endepandan. Gen kèk konpayi ki itilize mwayen sa pou yo evite peye Asirans Chomaj, Dedomajman pou Anplwaye, Sekirite Sosyal, Taks yo pran sou anplwaye, ak salè minimòm. Denonse fwod nan NYS DOL sou entènèt nan [dol.ny.gov/report-fraud](https://dol.ny.gov/report-fraud) oswa rele liy dirèk ki fonksyone pandan 24 èdtan ki la pou fwod la: **866-435-1499**

## KONN DWA W GENYEN ANTANKE YON FANM K AP TRAVAY NAN ETA NOUYÒK

### LWA SOU TRANSPARANS NAN KANTITE LAJAN YO PEYE MOUN

Apati 17 septanm 2023, konpayi nan Eta Nouyòk ki gen kat (4) oswa plis anplwaye yo dwe mete montan y ap peye a oswa bay yon ide sou montan y ap peye a nan anons pou travay yo afiche a pou tout travay y ap chèche moun, omwen an pati, nan Eta Nouyòk. Anons pou travay la dwe gen ladan l montan oswa yon ide sou montan konpayi a ap peye li konnen, ak onètete, ki se laverite nan moman l ap met anons lan e l ta dwe bay anplwaye li ka bay travay la yon vrè ide sou lajan l ap gen pou l touche a.

### LWA SOU ENTÈDIKSYON ANRAPÒ AK SALÈ NAN TRAVAY PASE

Depi 6 Janvyè 2020, konpayi nan Eta Nouyòk pa ka mande yon moun k ap aplike pou yon travay konbyen l touche ak avantaj li te konn jwenn, e yo pa ka itilize enfòmasyon sa a pou yo decide si y ap fè entèvyou avè l oswa si y ap ba l travay la. Yo ka mande moun nan ak ki salè l ap atann li, e moun yo ka chwazi di konbyen yo abitye touche pou yo ka fè negosyasyon.

### AVI PÈMAN

Lè yo anboche w, konpayi w ap travay la w dwe ba w yon avi ekri ki gen enfòmasyon enpòtan, tankou:

- Konbyen y ap peye w e chak kilè w ap touche
- Jou yo abitye peye, ak
- Nenpòt montan yo retire sou salè w

### JISTIS NAN PÈMAN

Li ilegal pou yon patwon peye yon fi mwens lajan pase yon gason pou menm travay la sèlman sou baz sèks moun nan. Diferans nan salè yo dwe baze sèlman sou tan moun nan gen nan travay la, merit, oswa yon eleman ki gen pwa tankou fòmasyon oswa eksperyans, se pa ta dwe sèks moun nan.

### FICH PÈMAN AK MONTAN YO RETIRE

Yo dwe peye w pou tout lè ou travay yo. Yo ka peye w ak lajan kach oswa chèk, men yo dwe ba w yon fich pèman ki detaye chak fwa yo peye w.

Yon konpayi pa ka fè w peye pou yon bagay ki kraze, gate, oswa ki sibi domaj, pou depans ak swen inifòm, depans biznis konpayi a, oswa lè pa gen lajan likid.

### AKSÈ AK LANG

Ajans Eta Nouyòk ki bay sèvis piblik dirèk yo oblije bay moun nan piblik la sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis pou fòmilè ak enstriksyon ki endispansab yo. Gen sèvis entèpretasyon nan plis pase 200 lang, lang siy ladan l tou. Nan NYS DOL, yo tradui dokiman ekri ki endispansab yo nan 16 lang yo plis pale nan eta a.

## RETIRE LÈT NAN TETE NAN TRAVAY LA

Jiska twa (3) lane aprè yon fi fin akouche, manman ki fè alètman yo gen dwa pou yo pran yon poz ki pa peye ki rezonab oswa itilize poz yo peye yo a oswa poz pou yo manje a, pou yo retire lèt nan tete yo nan travay la. Tout konpayi nan Eta Nouyòk yo gen obligasyon pou yo bay yon espas pou ponpe lèt ki toupre kote anplwaye a ap travay la ki gen yon chèz, tab oswa yon kote ki plat, ki lejè, ak yon priz kouran (si travay la gen kouran), ak aksè ak dlo pwòp, nan tiyo ki pre. Espasyo bay la pa ka yon twalèt.

### TIZONNAY SEKSYÈL NAN TRAVAY LA

Tout konpayi nan Eta Nouyòk dwe bay yon espas travay ki pa gen tizonnay seksyèl. Lalwa bay tout konpayi yo obligasyon pou mete règleman ki la pou fè prevansyon sou pye epi bay tout anplwaye yo yon kopi ak fòmasyon chak ane.

### KONJE MALADI AK KONJE SAN PWOBLÈM NAN ETA NOUYÒK

Lalwa sou konje maladi ak konje san pwoblèm nan eta Nouyòk pwoteje moun k ap travay nan sektè prive yo. Omwen, anplwaye yo gen (1) inèdtan konje maladi ak konje yo ka pran san pwoblèm pou chak 30 èdtan yo fè ap travay. Pou yo ka konnen si konje a peye oswa pa peye y ap gade sou gwosè konpayi a.

### ASIRANS CHOMAJ

Si w te travay nan Eta Nouyòk e pèdi travay ou san se pa fòt ou, ou ka kalifye pou asirans chomaj. Ou dwe antre ase kòb pou w ka fè yon reklamasyon; ou pare, ou vle e ou ka travay; ou kontinye ap chèche travay; e ou ka pwouve tout efò w fè pou w chèche travay. Aplike sou entènèt sou [dol.ny.gov/](https://dol.ny.gov/) oswa rele **888-209-8124**.

### KÒMAN POU M FÈ YON REKLAMASYON?

Depatman Ki Responsab Prensip Travay Yo ede nan jwenn solisyon pou vyolasyon lwa travay Eta Nouyòk. Li ilegal pou yon konpayi voye yon anplwaye ale, pini l, oswa nan nenpòt fason an fè l sibi diskriminasyon oswa fè reprezay sou li poutèt li fè yon plent pou yon lwa li panse w vyole oubyen poutèt li pran dwa lalwa Eta Nouyòk ba li.

Voye yon fòmilè **LS223** pou w depoze yon plent. Kontakte Prensip Travay pou plis enfòmasyon:

**888-52-LABOR**

**(888-525-2267)** oswa **LSAsk@labor.ny.gov**.

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou

**[dol.ny.gov/fostering-access-rights-and-equity-fare-grant](https://dol.ny.gov/fostering-access-rights-and-equity-fare-grant)**